

Men Nou

(Haitian Creole – English Poetic Translation)

Men nou, men nou,
Timoun, se nou... wi, se nou!
Nou se pitit tè-a.
Lespwa, se nou... Nou vin met jwa nan tout kè.

O wi, nou se lanmou, nou se la jwa,
Nou vin met jwa nan tout kè.
Nou vle lanmou blayi toupato,ou,
Nou vin change la tè-a...
An verite, wi, fòk nou chanje la tè-a!

O, men nou,
Nou se pitit tè-a,
Nou se semans la vi-a.
Nou se timoun jodi-a,
Nou va granmoun demen.

O wi, nou se timoun jodi-a,
Nouvèl jenerasyon
Pou yon demen miyò;
Jenerasyon lanmou, lespwa ak la jwa
Ka pral blayi nan tout kè...
Lanmou ak lajwa nan tout kè!

O, men nou,
Nou se pitit tè-a,
Nou se semans la vi-a,
Nou se timoun jodi-a,
Nou va gran moun demen,
Tanpri ban nou lamen.

Lanmou, lespwa, lapè ak lajwa... se nou!

-Gabriel T. Guillaume

*Here we are, here we are,
We are children... yes, we are!
We are the children of the world.
We are hope... We come to put joy in all hearts.*

*Oh yes, we are love, we are joy,
We come to put joy in all hearts.
We want love to spread everywhere,
We've come to change the world...
Yes truly, we need to change the world!*

*Oh, here we are,
We are children of the world,
We are the seeds of life.
We are the children of today,
We are the adults of tomorrow.*

*Oh yes, we are today's youth,
The new generation
Born to shine in a new day;
A generation of love, hope and joy
That will shine everywhere...
Love and joy in all hearts!*

*Oh, here we are,
We are children of the world,
We are the seeds of life,
The children of today,
The adults of tomorrow.
Please give us a hand.*

Love, hope, peace and joy... that's us!

Wach manman! – *You got that right!*